

**FOWÒM DYASPORA AYISYEN:  
KONTRIBISYON POU YON PLAN ESTRATEJIK POU REKONSTRIKSyon AK DEVLOPMAN PEYI DAYITI**

**21 – 23 MAS 2010**

**REKOMANDASYON KONSOLIDE**

Dyaspora ayisen an ap pwofite okazyon sa poul remèse Òganizasyon Leta Ameriken (OEA) poutèt li te reyini yon 400 reprezantan Dyaspora ayisen an nan katye jeneral li nan Washinton D.C., nan dat 21 rive 23 mas 2010. Pou yo kapab prezante rekmandasyon bay Gouvènman ayisen an ak peyi donatè yo anvan diskisyon ki gen pou fèt nan 31 mas 2010 nan Nasyonzini nan Nouyòk. Sa se yon pati nan kontribisyon Dyaspora nan preparasyon yon plan estratejik pou rekonsstriksyon ak devlopman peyi Dayiti. Nap soumét piba yon seri rekòmandasyon ki soti nan diskisyon yo pandan 2 jounen sa yo.

**BEZWEN IMANITÈ PRESE PRESE AK BON JAN DISTRIBISYON ÈD ETRANJE A**

*Dyaspora a rekonèt epi li sipòte jefò Gouvènman ayisen an ansanm ak sektè prive a ap fè pou li jere sityasyon ijans apre tè tranble a. Li byen kontan wè kouman yo ensiste pou kominate entènasyonal la konprann ke lè yap achte manje, yo pran dispozisyon pou bay pwodiktè lokal yo ak founisè nasyonal yo preferans, yon jan pou pwodiksyon nasyonal la pa vinn diminye. Li byen kontan wè jefò ki koumanse ak sipò kominate entènasyonal la pou verifye entegrite kay ki kanpe yo epi pou yo mete sou pye yon pwogram lajan pou travay.*

Dyaspora a ta renmen mande Gouvènman ayisen an pou li pran desizyon sila yo:

- R1. Kolabore ak kominate entènasyonal la poul veye pou sistèm distribisyon manje ak sistèm pou bay moun kote pou yo rete a konsidere yon seri faktè sosyal ak kiltirèl. Dyaspora a mande pou yo respekte diyite moun yo (sa vle di vini ak yon kalandriye pou distribisyon an ak kwizinn kominotè; kenbe liy distribisyon yo kout nan pwen distribisyon yo; idantifye gwoup moun ki pi bezwen yo pou jwen mwayen espesyal pou distribisyon pou yo, tankou livrezon nan kay; pou kapab gen egalite toupatou; fè distribisyon nan kote ki resevwa moun ki deplase yo; etc.).
- R2. Itilize tan moun pap fè anyen nan kan yo pou fè lekòl e pou bay moun yo fòmasyon nan diferan bagay, sitou edikasyon sivik pou timoun, jen yo ak gran moun yo. Pandan tan sa tou, bay enfrastrikti edikasyon andeyò Pòtoprens lan jarèt, sitou nan nivo timoun, primè, segondè, gramoun, pwofesyonèl ak lekòl siperyè. Fòmasyon pwofesè nan tout peyi fèt pou resewva gwo priyorite.
- R3. Se pou li chache koòdone jefò ki fèt pou distribisyon yo ak patnè li yo, sitou administrasyon lokal yo, enstitisyon entènasyonal kap bay èd yo, asosasyon lokal yo ak gwoup kominotè yo nan peyi Dayiti ak lòt bò dlo. En plis, se pou Gouvènman an mete plis transparans e se pou li mande pou gen kont ki rann; pou sa fèt, se pou li mande pou enstitisyon kap bay èd yo soumèt rapò detaye sou lajan yo depanse nan peyi Dayiti.
- R4. Poutèt sezon lapli ak siklòn kap rive sou nou la, fòk gen kolaborasyon ak enstitisyon entènasyonal yo ak òganizasyon ayisen lokal yo, pou yo ka idantifye ak prepare teren andeyò Pòtoprens ki pa tèlman sou wout katastròf natirèl yo. Se pou yo konstwi kay pwovizwa ki gen rezistans kont tè tranble ak siklòn, tankou kay modilè ak kay prefabrike. Nan konsepsyon bati kay kap dire lontan ak plan pou bay lojman,

se pou li adopte yon seri kòd pou bati kay ki gen rezistans kont tè tranble ak siklòn, e fòk kòd sa yo respekte.

- R5. Se pou Gouvènman ogmante efikasite èd imanitè a e pou li fè sa, fòk li mete moun nan kondisyon pou yo benefisyè èd la ak ekzekisyon andedan kan yo yon pwogram travay-pou- manje ak lajan-pou-travay nan zònne kritik yo. Pou sa, lap konsantre sou moun jen yo ak fanm. Se pou Gouvènman kolabore ak enstitisyon entènasyonal yo pou li detèmine detanzantan bezwen imanitè yo ak efikasite distribisyon èd la andedan ak andeyò Pòtoprens. Sitou, fòk li chache jwen reyakson moun ki resevwa èd la.

### **FÒK GEN YON PWOSESIS REKONSTRIKSYON DINAMIK AK TRANSPARAN**

- R6. Se pou gen plis kontwòl, plis transparans ak plis sipèvizon tout lajan ki pwal pou rekonstriksyon (piblik ousman prive), ak kreyasyon yon Biwo Enspektè jeneral. Biwo sa ap gen pou fè yon seri verifikasyon contabilite, poul mennen ankèt pou anpeche volè. Li ava soumèt yon rapò piblik sou rezulta la jwenn.
- R7. Reyalize tout jefò posib pou asire ke konpayi kap vinn travay nan peyi Dayiti bay travayè ak kontraktè ayisen priyorite nan travay la, san blye sa ki soti nan Dyaspora. Sa va ede diminye lamizè, facilite ak kreye travay, anpeche Ayisen konpetan kite peyi a, pou resous imen kapab vinn pi laj e se sa ki va mennen plis envestisman soti lòt bò dlo pou randre nan peyi a.
- R8. Rekonèt enpòtans Dyaspora a nan ekonomi peyi Dayiti e, nan Plan Aksyon pou mete Ayiti kanpe ak pou developman nasyonal (Mas 2010), se pou li admèt sa Dyaspora mande ak anpil fòs: pou li gen dwa vote nan *Komisyon enterimè pou rekonstriksyon Ayiti*.
- R9. Kreye yon Inite Sèvis Sivil ak patisipasyon sitwayen ayisen ak Dyaspora, sitou fanm, ki pou ede pwoesis rekonstriksyon peyi a. Li ankouraje donatè yo pou yo voye je sou sityasyon legal pèsonèl la pou yo ka facilite transfè ousman afèktasyon moun ki pale kreyòl pou travay nan domèn prete Ayiti lajan.

### **DEVELÒPMAN EKONOMIK**

*Dyaspora pare pou jwe patisyon li nan developman enstriman kapital prive pou envestisman nan peyi Dayiti, tankou kapital-riske pou envestisman nan zafè sosyal; li pare tou pou ilitize pakét ekspètiz li genyen nan mache kapital yo, nan teknoloji, nan enjenyeri, nan enèji vèt etc. Propozisyon Dyaspora pou yon devlòpman dirab chita sou de koze: i) yon pi gwo patisipasyon Dyaspora e 2) rekòmandasyon espesifik pou sektè.*

Dyaspora a mande Gouvènman ayisen pou li pran desizyon sila yo:

- R10. Deklare yon objektif enèjik, men konkrè e ki kapab mezire pou koulye a ak nan yon peryòd entèmedyè, sitou nan sa ki gen pou wè ak kwasans GDP (6% oubyen plis) ak rediksyon lamizè.
- R11. Travay ak donatè yo pou fè Dyaspora patisipe ofisyèlman nan aplikasyon ak contwòl desizyon ak rekòmandasyon pou repriz ak rekonstriksyon peyi Dayiti. Nan kondisyon sa, kreye yon platfòm pou sikilasyon enfòmasyon an epi kontwole ke i) Dyaspora rete enfòme sou okazyon pou é biznis ansanm ak lòt developman; e ii) nan menm tan sa, mande pou Gouvènman konen ki resous ki disponib nan Dyaspora (resous finansye ak resous moun).
- R12. Fè piblik la konen ki kondisyon pou admisyon ak seleksyon ki existe pou patisipe nan pwojè donatè yo

ap finanse; veye pou gen plis patisipasyon ti konpayi ayisen ak konpayi mwayen (SME) ak envestisè nan Dyaspora a. En plis tout bagay sa yo, se pou yo kreye pwosedi senp/rapid pou biznis ka tanmen nan peyi a e pou jwen aplikasyon pou lisans, sitou pou gen yon sèl kote ki pou resevwa pwopozisyon biznis yo, kote envestisè yo ap kapab jwen repons nan men otorite yo depre yon kalandriye byen fèm.

- R13. Rekonèt doub nasyonalite a. Menm si Dyaspora konprann ke pa gen okenn blokis legal kont envestisman, doub nasyonalite a ava kreye plis patisipasyon ak plis ankourajman.
- R14. Ogmante reskonsabilite, transparans ak sipèvizon tout lajan. Pou sa fèt, se pou gen rapò detaye ki fèt nan yon sistèm enfòmasyon publik ak yon sistèm jidisyè refòme/renfòse.
- R15. Kenbe yon envantè aktyalize e publik pou tout ONG kap fonksyone sou teritwa nasyonal la epi bay yon deskripsyon aktivite yo ak sous lajan yo resevwa.
- R16. Ankouraje enèji vèt (solèy, van, dlo ak jeotèmik) ousman enèji ki soti nan sous lokal pou nou rive jwen endependans ak sekirite enèjetik nou. Itilize aparèy san fil pou koupe sou konbèlann kouran. Bay okazyon pou moun jenn fòmasyon, sa ki va fè fòs travay la toujou pare pou li enstale ak fasilitè lòt solisyon dirab nan zafé enèji.
- R17. Bay pwojè yo priyorite dapre kontribisyon yo pote nan sektè tankou desantralizasyon, dekonsantrasyon ak patisipasyon fanm.
- R18. Bay Sant Fasilitasyon Envestisman (CFI) jarèt epi mete sou pye biwo reyjonal otonòm, otomatize ki ka fasilitè kreyasyon konpayi ak envestisman dirèkteman andeyò zòn metropolis lan. Laji andedan CFI a baz enfòmasyon sou patnè potansyèl yo dapre sektè yo.
- R19. Kreye yon sistèm pou fè pwomosyon Ayiti tankou yon kote pou touris ale menm pou koulye, epi jere tout kesyon ki gen pou wè ak sekirite endistri touristik la. Bay okazyon pou jwenn fòmasyon ki va pèmèt prepare yon fòs travayè pou enstale ak kenbe yon endistri touristik ki dinamik.
- R20. Kenbe yon kont oksilyè pou indistri rad la nan kontèks Fon Garanti a kap kreye koulye a. Anplis tout bagay sa yo, kreye yon sistèm pou moun ka jwenn kredi pou aktivite pwodiksyon, sitou nan sektè agrikòl la.
- R21. Ogmante pwodiktivite avèk ranfòsman fòmasyon pwofesyonèl la, epi konsantre sou kalite konpetans mache a bezwen, pandan pwomosyon ap fèt pou anplwaye fanm. Sa vle di fòk yo ta fè yon evalyasyon konpetans ki disponib yo epi tabli ki sa chak sektè bezwen.
- R22. Ankouraje bagay nèf atravè renfòsman dwa pwopriete entelektyèl.
- R23. Transfòme panorama zonn riral omwayen pwomosyon kilti lokal pou kapab gen pi bon konpetisyon ak enpòtasyon pwodwi agrikòl. Se yon objektif ka reyalize ak yon estrateji dinamik pou rive jwenn sekirite manje e pou fè pwomosyon ekspòtasyon agrikòl ak endistri agrikòl la (sans blye entegrasyon vètikal). Sou yon baz pi espesifik, fè pwomosyon initie riral pou pwodiksyon entegre, san blye kilti akwatik, lelvay, endistri leje, sèvis, elatriye.
- R24. Identife avantay konparatif chak zonn genyen epi investi dapre sa chak zonn genyen. Bay finansman yo bezwen pou aktivite developòman, e patikilyèman laji plat fiskal la pou rive reyalize objektif sa.

## BAY GOUVÈNANS LA JARÈT

Dyaspura a konsidere rebati enstitisyon yo ak konsolidasyon gouvènans demokratik la tankou yon kesyon ki gen premye nesesite. Li kwè ke jistis sosyal, respè pou lalwa, respè pou libète sivil ak pwoteksyon byen prive, se bagay kle pou kreye kondisyon ki va pèmèt kwasans ekonomik ak developman. Se poutèt sa li ankouraje Gouvènman ayisyen poul pran desizyon sila yo:

- R25. Goumen pou sispann enpinite, epi ekzamine ankò tout dispozisyon ki gen pou wè ak enpinite, poul kapab voye la jistis dèyè tout fonksyonè qui sanble ta abize privilèj yo resevwa.
- R26. Itilize ekspètiz Dyaspura a pou kontinye pwosedi amandman Konstitisyon an, sitou dispozisyon ki gen pou wè ak ratifikasyon Doub Nasyonalite a pou moun nan Dyaspura. Sa va fasilité tou adopsyon nouvo desizyon ak lòt lwa nan Ekzekitif la ak nan Palman an pou entegre Dyaspura ayisyen an nan soryete Ayiti a.
- R.27. Aplike dispozisyon Konstitisyon an nan sa ki gen pou wè ak desantralizasyon an.
- R28. Adopte yon desizyon reyalis sou kalandriye eleksyon yo san nou pa blyiye kondisyon espesyal ki vinn ekziste apre tè tranble a. Kolabore ak patnè entènasyonal yo ak òganizasyon Dyaspura pou mete sou pye yon mekanis pou fasilité pi gwo patisipasyon Dyaspura tankou obsèvatè elektoral nan tout eleksyon yo.
- R29 Chache transfè konesans ak ekspètiz pou ede renfòse kapasite ak sipò enstriman tankou i) pwogram marasa/echanj ak pwofesyonèl nan Dyaspura e kominate sou Entènèt la e ii) asosyasyon ak sant inivèsité pou fòmasyon anplwaye nan administrasyon publik la.
- R30. Mete kanpe yon sistèm jidisyè endependan epi akselere refòm lwa ak pwosedi penal nan peyi Dayiti, sitou sistèm prizon an; ogmante kantite jij yo, komisè, polisye ak lòt ofisyè prizon, ak lòt manm tribinal yo.
- R31. Refòme sistèm jidisyè peyi a e ranfòse kapasite ministè li yo, sitou Ministè jistis ak sekirite publik la pou sipòte institisyon nasyonal gouvènman kap fonksyone nan kominate lokal yo; develope ak fòme yon nwayo administratè entèmedyè pou yo kapab vinn dirijan andedan òganizasyon pa yo.

## DEVELÒPMAN DIRAB, PREPARASYON POU KATASTWÒF NATIRÈL AK DIMINYE KONSEKANS YO

Dyaspura a kwè ke jere katastwòf natirèl yo ta dwe yon priyorite Leta pou koulye epi pou lontan ankò. Si Ayiti paka kontwole ki lè ka gen katastwòf natirèl, sa pa vle di pou li pa jere sityasyon vilnerabilite ak danje katastwòf sa yo kreye. Se pousta Gouvènman ayisyen an ta dwe:

- R32. Ranfòse kapasite peyi a pou li reyaji lè gen katastwòf epi pou li jere katastwòf natirèl yo e se poul fè sa ak aplikasyon yon plan aksyon nasyonal pou ka ijans yo. Espesyalman, se poul fè respekte kòd konstriksyon batiman yo.
- R33. Ranfòse Direksyon Pwoteksyon sivil la ak pwogram fòmasyon ofisyèl fonksyonè Leta nan tout nivo, nan travay ki gen pou wè ak katastwòf yo. Nan menm tan, aplike pwogram pou preparasyon pou katastwòf natirèl epi òganize ekzèsis pratik pou katastwòf yo. Pa ekzanp, mete kanpe yon sistèm jesyon enfòmasyon sou kriz ki sou Entènèt. Sistèm sa dwe kapab bay enfòmasyon san pèdi tan ki kapab pataje

pou nou kapab jwenn pi bon repons lè gen katastwòf.

## DEVLÒPMAN SOSYAL

### Byennèt timoun

Dyaspora a kwè ke lwa ak regleman yo ki jere timoun abandone yo, timoun ki nan plasman, timoun ki nan swen paran yo, adopsyon domestik ak adopsyon ant peyi, dwe modernize. Travayè sosyal pwofesyonèl yo nan Dyaspora ak sa ki espesyalis nan systèm byennèt timoun yo, ansanm ak ekspè legal, pare pou konsiltasyon e pou kreye asosyasyon ak Ministè Zafè sosyal la, sitou Enstiti byennèt sosyal ak Rechèch, pou bay fòmasyon ak sipò teknik. ONG kap travay ak timoun fèt pou anrejistre ak ministè a anvan yo jwen aksè ak timoun yo. Apre sa, se pou gen yon seri direktiv pou yo swiv yo.

Dyaspora a ap fè rekondasyon sila pou amelyorasyon koulye e pou dirabilite pou pita :

- R34. Adopte Konvansyon La Haye sou Pwoteksyon timoun ak Kooperasyon nan sa ki gen pou wè ak adopsyon ant peyi (Konvansyon La Haye sou adopsyon). Konvansyon sa gen pou objektif anpeche yo rafle, vann, osman trafike timoun. Bay fanmi ayisyen nan peyi Dayiti ak Dyaspora a priorite nan adopsyon timoun. En plis de sa, travay pou idantifye patnè pou mete kanpe pwogram edikasyon ki cadre ak kilti yo, epi pwogram fòmasyon pou moun ki vle pran swen timoun ayisyen, yon jan pou minimize shòk sikolojik la, amelyore kondisyon adaptasyon yo pou yo vinn cadre ak kilti ak vale peyi Dayiti.
- R35. Sipòte prezèvasyon fanmi a pou timoun nan pa rete pou kont li; ofri sèvis sipò pou fanmi ak lòt paran pou yo kapab okipe pwòp timoun pa yo. Anplis, elimine sistèm sa piti piti ak reentegrasyon timoun yo nan sa ki sanble yon estrikti fanmi/fanmi laji (sa vle di model swen nan plasman).
- R36. Kreye yon baz enfòmasyon santral pou tout timoun kap plase nan yon estrikti sosyal ki pa yon fanti, kote pwogrè yo ak sèvis yo kapab anregistre – sa se modèl ki chita sou pi bon pratik yo.

### Edikasyon

Manm Dyaspora kap travay nan invèsite yo vle kolabore ak Gouvènman an ansam ak sekè prive a pou ofri sèvis yo pou rekòmandasyon sila yo pran chè:

- R37. Aplike yon sistèm Edikasyon inivèsèl pou tout moun (EFA) ki gen kalite e ki pèmèt tout timoun kapab al lekòl, san blyi etidyan ki gen anpil laj ak etidyan ki enfim yo. Sistèm sa fèt pou ofri pwogram ki gen pou wè ak lasanté, espò, edikasyon sivik, yon dezyèm chans pou tounen lekòl (pou sa ki kite lekòl yo, la jenès), ansanm ak yon system konsèy pou jen moun yo ak pwogram alfabetizasyon pou gran moun. Sistèm sa ava bay manje gratis (maten ak midi) transpò gratis, dlo pou bwè, inifòm ak materyèl pou lekòl. Yon edikasyon konsa ap fèt nan lekòl ki byen batí dapre kòd pou batiman yo e ki gen bon jan enstalasyon sanitè modèn.
- R38. Ranfòse prosedi sètifikasyon pwofesè ak administratè yo epi mete kanpe i) yon estrikti byen chita pou fòmasyon ki pou garanti devlòpmán pwofesyonèl yo e ii) yon pwogram konsiltasyon ak echanj ant pwofesè Ayiti ak nan Dyaspora. Konsa tou, aplike yon pwogram kote lekòl ak etidyan nan Dyaspora ava adopte lekòl ak etidyan nan peyi Dayiti. Yon asosyasyon konsa ta dwe fèt tou nan nivo konesans tou epi li taka vinn pi laj pou gen kolaborasyon ak inivèsite lòt bò dlo. Anplis, pou ankouraje pwofesè yo ak administratè yo, se pou yo ka touche kòb ki fè sans et se pou yo ka resevwa yon seri avantay sosyal.

- R39. Mete kanpe pwogram lekòl ki itilize prensip ki chita sou rezulta e ki dakò ak règleman nasyonal yo. Pwogram sila yo ta dwe konekte ak kilti yo (utilizasyon kreyòl), fè pwomosyon pwogram lekòl ki adapte ak kondisyon etidyan yo (dapre laj yo ak kapasite yo), ankouraje pwogram STEM (Lasyans, teknoloji, enjenyeri ak matematik), sèvi ak enstriman epi metòd teknologik (lekòl nan televizyon, medya, entènèt elatriye), sipòte bous pou etidyé nan nivo siperyè pou prepare fòs travay la, ansanm ak pwogram pou prepare lekòl yo. Sa ka fèt ak sipò kominote a, sa ki va pèmèt nou rive nan edikasyon sipeyrè ak fòmasyon pwofesyonèl.
- R40. Jere bezwen tout group ki nan danje yo (ediksyon espesyal, timoun san manman san papa/pou kont yo, restavek/timoun ki rete ak moun, timoun eksplwate, jèn enfim elatriye). Anplis, bay sèvis sipò sikolojik ak sosyal.

### **Fanm**

*Fanm ayisyen gen defi byen espesyal ki devan yo, aloske konsekans devastasyon tè tranble sa vinn kontre limitasyon sosyete a mete sou yo poutèt yo se fanm. Katastwòf sa vinn diminye kapasite yo pou reyalize yon seri travay kite deja byen difisil pou yo nan kondisyon yo tankou manman, madanm, bay swen, edikatè, sipò finansye, komèsan ak aktivis. Èd entènasyonalla, ansanm ak patisipasyon fanm ayisyen kap viv lòt bò dlo, ap gen anpil pou wè nan leve kanpe ak kwasans, diyite, debouche pou tout moun ak devlòpman jeneral fanm ayisyen pandan peryòd rekiperasyon ak rekonstriksyon sa.*

- R41. Òganize yon Estimasyon bezwen apre tè tranble a (PDNA) kap konsantre sou fanm e nan optik fanm, pou nou kapab idantifye defi espesifik yo ak bon jan metòd pou rezoud yo. Sou baz PDNA sou fanm yo, se pou yo bay yon pouvantay finansman egal ego ki pou finanse solisyon pou rive repon satisfè bezwen sa yo ki dokimante.
- R42. Ankouraje Gouvènman ayisyen an, sosyete civil la ak Dyaspora pou yo konsidere kesyon patisipasyon fanm yo nan elaborasyon, fòmilasyon ak aplikasyon politik yo, estrikti ak pwogram (politik entegrasyon aktif), epi travay ak medya yo pou sipòte aktivite ki pou vinn bay kondisyon fanm yo jarèt.
- R43. Ranfòse sekirite nan lojman tanporè yo, sant distribisyon manje yo ak lòt kote pou fanm ak timoun. Se pou sa fèt ak ogmantasyon prezans fanm nan pèsonèl sekirite yo, sa vle di nan twoup lokal ak etranje yo. Espesyalman, pèsonèl sekirite a ta dwe resevwa fòmasyon pou li rekonèt zak vyolans ki fèt sou fanm paske yo se fanm.
- R44. Adopte epi aplike yon politik kote pa gen oken sitirans pou vyolans kont fanm ak timoun, epi aplike mezi ki dwe aplike pou politik sa gen dan, sa vle di arestasyon ak pouswit moun yo sispèk ki fè krim sa yo; fòk yo sanksyone krim kadejak kont fanm ak ti fi e se pou yo pwoteje viktim yo ak temwen yo.
- R45. Pèmèt ke ka fanm ayisyen yo, sitou fanm ayisyen kap viv nan kominote riral yo, resevwa konsiderasyon menm jan ak tout moun e pou yo gen posibilité pou jwenn finansman, (espesyalman mikro-kredi), sa ki va pèmèt yo achte yon bout tè, materyèl ak ekipman pou yoka ranfòse wòl yo nan agrikilti.

### **Develòpman Lasante**

*Nesesite pou atansyon medikal ak swen vinn twa fwa pi enpòtan apre tè tranble a. Li vinn nesesè pou double enfrastrikti medikal la ak sèvis pou nou kapab evite yon pakèt kriz nan sistèm lasante a.*

- R46. Ogmante kapasite swen medikal ak lasante nan peyi Dayiti poul kapab rezoud bezwen popilasyon an

koulye a ak pou lavni. Sa ka fèt ak yon pwogram asistans medikal ak Dyapora ayisyen an, kote Ayisyen lot bò dlo a vinn pote sèvis dapre yon sistèm woulman pou 2 semen chak fwa pandan lane a.

- R47. Ankouraje yon asosyasyon ant Dyaspora ak pwofesyonèl lasante lokal yo pou nou kapab bay fòmasyon nan teknoloji modèn. Espesyalman, ofri pwogram konsiltasyon klinik pou mete kanpe yon kapasite teknik ak pratik pou anpil etidyan medikal ki pa lekòl ankò.
- R48. Tabli asosyasyon ak inivèsite yo ansanm ak lopital publik ak prive pou rive bay yon sèvis medikal san enteripsyon ak yon edikasyon klinik. Anplis, mete sou pye yon sistèm rezidans medikal ak bous pou etidye, ak konsantrasyon sou maladi ki gen rasin yo nan peyi Dayiti e nan Karayib la (utilize teknoloji modèn lan, kote fòmasyon pèmanan ak sipò pou doktè ak enfimyè ayisyen kabap fèt nan telekonferans)
- R49. Kreye pou doktè ak enfimyè lokal yo yon fon «mini bous pou etidye» nan maladi ki bay enfeksyon yo.
- R50. Ranfòse kontwòl pou fè ti moun, lasante fanm ki ka ansent, ak òganizasyon kap okipe lasante timoun, sant sante yo, ansan ak Gouvènman ayisyen an. Se pou fanm ansent yo kap viv nan kondisyon difisil nan lojman tanporè resevwa yon atansyon espesyal.
- R51. Monte klinik sante mantal pou jere tout kalite shòk sikolojik; bay terapi, espesyalman pou timoun yo ak lot gwoup ki nan danje. Travayè sosyal nan Dyaspora, se eleman ki ka enpòtan anpil nan jere dosye sa paske yo konpran kouman pespèktiv kiltirèl la, se yon pwen ki sensib.
- R52. Kreye sant terapi pou reyabilite plizyè milye enfim e pou fè yo reprann wòl yo nan sosyete a.
- R53. Ankouraje peyi kap bay lajan yo pou yo kreye yon pwogram pou jere kèk etidyan (ya deside pi ta ki kantite) pou chak lekòl medikal ki akredite, chak ane pendant peryòd rekonstriksyon an.